
Geura urang baca Ieu di handap**Penyu Héjo**

Penyu téh nyaéta kuya laut. Nurutkeun para ilmuwan, penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta taun kaliwat) rék saumur jeung dinosaurus.

Sanajan salilana aya di jero cai, sakali waktu mumbul ngarénghap. Penyu napasna ku paru-paru. Penyu ngalalana kacida jauhna. Tempat nu jauhna 3.000 km bisa disorang salila 58-73 poé.

Penyu jalu salilana hirup di laut. Penyu bikang muru basisir nyelang rék ngendog. Teu tulus ngendog mun kacaangan atawa kagandéngan.

Di dunya téh ngan aya tujuh rupa penyu nu masih hirup, nyaéta penyu héjo, penyu sisik, penyu Kemp's ridley, penyu lekang, penyu balingbing, penyu pipih, jeung penyu tempayan.

Penyu balingbing téh penyu nu panggedéna. Panjang awakna 2,75 m, beuratna 600 -900 kg. Penyu lekang pangleutikna, beuratna ukur 50 kg. Anu pangmindengna kapanggih mah penyu héjo. Kabeukina tutuwuhan jeung sato laeutik.

Penyu beuki lila beuki ngurangan. Malah, kiwati téh geus méh tumpur. Éta téh lantaran mindeng kaganggu jeung habitatna ruksak. Upamana anak penyu kajaring ku pamayang (nelayan) atawa diala, terus diawétkeun, dijual keur kenang-kenangan.

Di basisir pakidulan Jawa Barat sok aya kénéh nu ngala endog penyu keur jualeun, atawa keur konsumsi. Dina sakali ngendog aya 150-na. Tapi, ku sabab mindeng dicokotan lila-lila mah béak.

Keur "pelestarian" penyu héjo hususna, sangkan penyu teu tumpur di sababaraha tempat di basisir laut kidul :di Batukaras, di Pangandaran, di Pangumbahan, di Cikepuh, kitu deui di Parigi geus diadegkeun Kelompok Penangkaran Biota Laut (KPBL). Éta kelompok téh ti taun 1983, geus ngamimitian programna di wilayahna. Kagiatan para anggotana ngumpulkeun endog penyu mapay-mapay basisir ti mimiti Batu Hiu nepi ka Bojong Salaut, saban tabuh sabelas peuting.

A. Jabab pertanyaan di handap ieu!

1. Rék naon penyu mucunghul ka luhureun beungeut cai?
2. Naon nu nyababkeun penyu teu tulus ngendogna di basisir?
3. Kumaha sikep hidep mun hiji waktu ningali anak penyu kajaring ku nelayan?
4. Salian ti penyu, naon deui sato nu geus langka di urang?
5. Kumaha tarékahna sangkan sasatoan nu ditataan ku hidep teu tumpur?

B. Jodohkeun soal kana jawaban nu bener !

6. Penyu téh nyaéta

7. penyu téh geus aya ti ahir jaman jura (145-208 juta

taun kaliwat) rék saumur jeung

8. Penyu jalu salilana hirup di

9. Penyu bikang muru basisir nyelang rék

10. Penyu balingbing téh penyu nu

Panggedena

laut

ngendog

dinosaur

Kuya laut

C. Pilih jawaban A,B,C atawa D nu bener, teras tuliskeun kana kotak

jawaban nu tersedia!

1. Unsur-unsur nu sok aya dina carpon di antarana nyaeta ...
A. Palaku, latar, téma, jeung amanat
B. Palaku, latar, téma, jeung paguneman
C. Amanat, tema, paguneman, jeung jalan carita
D. Jalan carita, paguneman, amanat, jeung palaku
2. Baca sampalan carpon di handap!
Pun bapa seneng pisan miara ingon-ingon. Di rorompok téh aya kelenci, marmot, japati, sareng hayam. Hayamna rupi-rupi, sajabih hayam kampung téh aya hayam pelung, hayam bangkok, malih hayam katé ogé aya.
.....
(Dicutat tina, *Mida Dami* kelas 6 karangan Miati Suci Armilita, kaca 2)
Naon amanat tina bacaan di luhur?
A. Urang kedah ningalian sasatoan.
B. Sasatoan kedah dikencarkeun.
C. Urang kedah nyaah ka sasatoan.
D. Nu ngukut sasatoan bakal beunghar.
3. Cing atuh, ulah kuméok méméh dipacok ari jadi lalaki mah. Kecapkuméok asal kecapna . . . meunang rarangkén tengah
A. Kéok + -mu-
B. Kéok + -um-
C. Kokok + -um-
D. Ku + méok
4. Kecap-kecap di handap maké rarangkén tengah -in-, iwal
A. Tinulis
B. Tinangtu
C. Tindakan
D. Tinimbang
5. Conto kalimah anu salah sahiji kecapna geus maké rarangkén tengah -ar- nyaéta . . .
A. Barudak keur ngarargon domba di tegal Pa Haji.
B. Unggal poé Mida jeung Dami balikna sok babarengan.
C. Tong mawa dahareun loba teuing ari nyaba téh, barabé!
D. Markus geus ngarambat kana pager sakola.
6. Poé minggu linlin jeung sinta indit ka bandung.
Benerkeun ku hidep kalimah di luhur kalawan maké éjahan anu bener!
A. Poé Minggu Linlin jeung Sinta indit ka bandung.
B. Poé Minggu Linlin jeung sinta indit ka bandung.
C. Poé Minggu linlin jeung Sinta indit ka Bandung.
D. Poé minggu Linlin jeung Sinta indit ka Bandung.
7. Dihandap ieu anu ka asup kana kalimah pasif nyaeta...
A. Bi Mursih keur nyien dodol
B. Jessica nyampeur ka imah Annisa
C. Nasywa diajak ulin ka Botani Square ku indungna
D. Gibran meuli lotek di warung bi Mursih
8. Ngadekeman endog sangkan megar disebutna

- A. cilingcingcat
 - B. nyileungleum
 - C. ngabintih
 - D. eunteup
9. Di wewengkon Ranca Upas Pangalengan aya tempat *penangkaran*
- A. uncal
 - B. kuda
 - C. badak
 - D. Gajah
10. Dihandap ieu anu ka asup kana kalimah aktif nyaeta...
- A. Baju seragam diseterika ku Iman
 - B. Langlayangan di Boro ku Rojab
 - C. Bi Mursih keur nyieun dodol
 - D. Buuk Nining dipotong ku indungna
11. Sato anu awakna gede mah ... ,ceulina rubak jeung tulalean.
- A. maung
 - B. sapi
 - C. badak
 - D. gajah
12. Kandang hayam disebutna
- A. istal
 - B. kurung
 - C. paranje
 - D. pagupon
13. Hayam rengge hartina
- A. warna bulu hayam anu siga cele laleutik
 - B. hayam rintit, hayam nu tungtung buluna carentik
 - C. hayam anu buluna bintik-bintik.
 - D. hayam anu buluna beureum totol- totol bodas
14. Manuk nu sok jadi hama pare nyaeta...
- A. japati
 - B. heulang
 - C. cagkurileung
 - D. piit
15. Suaka margasatwa fungsina pikeun
- A. panonoban tutuwuhan jeung sasatoan anu geus langka
 - B. panonoban tutuwuhan anu geus langka
 - C. panonoban sasatoan anu geus langka
 - D. panonoban alam